

AVNI ATIS YO

Yon pwogram [Simen trezò Kiltirèl Inisyativ](#)

Se Fondasyon McKnight ak Ford ki fè sa posib.

Avni Atis yo bay resous dirèkteman ak [atis](#) ak [ajan kiltirèl](#) Afriken, Afro-Latinx, Afro-Karayib, Latinx, Chicanx, Zile Azyatik/Pasifik, ak SWANA (Azi Sidwès ak Nò Afriken) ki abite nan 7-konte nan zòn metwopolitèn yo (Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott ak konte Washington yo), ak atis ki se Natif natal Ameriken/Endyen Ameriken/Natif natal Alaska ki abite nan Minnesota ak nan 11 nasyon endijèn ki pataje menm jewografi a.

Avni Atis yo bay yon sipò finansye \$35,000 ak atis endividyèl yo ansanm ak lòt resous ak sipò. Avni Atis yo se yon pwogram devlopman pwofesyonèl, devlopman konpetans ak kreyasyon rezo [kòwòt \(gwoup\)](#) pou atis k ap travay nan nenpòt disiplin atistik nan nenpòt nivo nan karyè yo. Konsèy Rejyonal Metwopoliten Atistik (Metropolitan Regional Arts Council, MRAC) enterese nan envesti nan atis yo lè li bay sipò k ap pèmèt yo ogmante kapasite yo pou yo pran chans kreye, epi devlope konpetans teknik ki ta ka kontribye nan yon karyè dirab ak siksè nan domèn atistik.

Atis yo te bay gwo kontribisyon nan kilti Ameriken an, yo jwe yon wòl enpòtan nan bati kominote ki solid, epi yo kreye koneksyon atravè kominote yo. Sepandan, nan Minnesota, yo kontinye ap viv kèk nan pi gwo enjistis ki genyen nan peyi a. MRAC vle pou Avni Atis yo reprezante plis pase yon senp sipò finansye nan karyè atis yo. Okontrè, nou ta renmen pou sa reprezante yon bourad nan lavi yo. Nou enterese envesti nan atis yo lè nou bay sipò k ap pèmèt yo ogmante kapasite yo pou yo pran chans kreye, epi devlope konpetans teknik ki ta ka kontribye nan yon karyè dirab ak siksè nan domèn atistik.

Avni Atis yo te devlope pou ak pa mwayen yon pakèt gwoup atis ak lidè kiltirèl ki se manm nan kominote atis pwogram sa a gen entansyon sèvi yo. Yon gwoup 11 konseye ansanm ak anplwaye MRAC te patisipe ak atis divès orijin, eksperyans ak kilti nan plizyè gwoup refleksyon ak rankont endividyèl ki angaje prèske 100 moun. Repons ki te pataje nan gwoup refleksyon yo te enfluyanse dirèkteman konsepsyon Avni Atis yo.

Remak: Nan tout dokiman sa a nou itilize tèm "atis" pou fè referans ni ak atis ni ak ajan kiltirèl yo.

Objektif Avni Atis yo:

- Atis yo chwazi yo gen resous yo bezwen pou yo pran chans yo, epi bay tèt yo defi nan domèn kreyativite pandan pwogram nan.
- Atis yo chwazi yo elaji rezo yo pou yo mete ladan relasyon ak estrateji ki ka bay sipò alontèm.
- MRAC pral bay yon pakèt resous (finansye, aksè nan espas, ekipman, ak moun) ki vrèman enpòtan pou chanje prezans atistik, pratik, ak lavi atis yo chwazi yo.

Detay sou Pwogram nan

Sesyon Enfòmasyon Vityèl: 19 Out 2022, 12è pm

Dat limit pou Soumèt: 3 Oktòb 2022, 11:59 pm

Dat Notifikasyon: 22 Fevriye 2023

Sipò Finansye: \$35,000 ([san restriksyon](#))

Lòt Resous: \$2,000 pou [devlopman pwofesyonèl](#), plis aksè ak pwofesyonèl/espas/òganizasyon patenarya ki apwouve

Peryòd Kòwòt: Sipò MRAC bay ak aksè pou patnè yo soti Fevriye 2023 jiska Fevriye 2025

Kondisyon Patisipasyon:

- Patisipe nan yon evènman sou Zoom pandan 90 minit pou rankontre kòwòt atis yo chwazi yo, fè rezo epi aprann ki jan pou jwenn aksè nan resous ki disponib yo. Yon konseye finansye/pwofesyonèl taks pral vin jwenn nou nan yon pati nan reyinyon sa a pou pale sou egzijans taks yo epi reponn kesyon yo.
- Patisipe nan sis (6) reyinyon rezo, yo pwograme nan lè manje midi a. Evènman sa yo pral konsantre sou elaji rezo atis yo seleksyone yo nan bati relasyon ak lòt moun k ap kreye, pwofesyonèl atistik ak òganizasyon atistik yo. Reyinyon sa yo pral òganize nan patenarya ak atis yo seleksyone yo pou pi byen adapte ak orè yo epi pou satisfè bezwen kòwòt la (gwoup).

Kantite Atis yo Chwazi: 10

Kalifikasyon

- Atis endividyèl ak ajan kiltirèl ki desandan Afriken, Afro-Latinx, Afwo-Karayib, Latinx, Chicanx, Zile Azyatik/Pasifik, ak SWANA (Azi Sidwès ak Nò Afriken) ki abite nan 7-konte nan zòn metwopolitèn yo ak atis ki se Natif natal Ameriken/Endyen Ameriken/Natif natal Alaska ki abite nan Minnesota ak nan 11 nasyon endijèn ki pataje menm jewografi a kalifye pou Avni Atis yo.
- Atis yo dwe viv nan rejyon ki kalifye a pou omwen yon (1) ane anvan dat limit la ak pandan tout peryòd kontra a.
- Atis yo dwe gen yon pratik atistik ki dinamik. Sa vle di atis yo dwe te kreye pwòp travay atistik yo pandan 5 ane ki sot pase yo, epi yo dwe kapab bay echantiyon travay yo te reyalize ant 2017 jiska 2022.
- Atis yo dwe disponib pou patisipe (adistans oswa an pèsòn) nan reyinyon kòwòt la pandan peryòd dezan kòwòt la. **Nòt:** Si w gen dout sou kapasite w pou w patisipe nan yon eksperyans gwoup, oswa si w pa enterese nan elaji kominote atistik ou, pou chèche opòtinite pou devlopman pwofesyonèl, oswa pou pataje konesans ak resous yo, pwogram sa a ka pa bon pou ou.
- Atis yo chwazi yo dwe genyen yon ITIN (Nimewo Idantifikasyon Taks Endividyèl) oswa SSN (Nimewo Sekirite Sosyal), paske prim finansye a se revni yo takse epi yo pral deklare l sou yon fòm 1099. (*Ogmantasyon revni sa a ka gen enpak sou kèk avantaj. Nou ankouraje w travay avèk yon konseye finansye pou detèmine posiblite pèman ki pi bon pou ou.*)
- Atis yo dwe gen omwen 18 an nan dat limit la (3 Oktòb 2022).
- Atis ki aktyèlman enskri nan yon pwogram etid atistik tradisyonèl nan lide pou pouswiv yon BFA oswa yon diplòm menm jan an pa kalifye.

Èske w ta renmen yo pran ou an konsiderasyon?

Si ou se yon atis ki satisfè kalifikasyon yo endike anwo a epi ou vle yo konsidere w pou kòwòt Avni Atis yo, tanpri voye ban nou yon Lèt Entwodiksyon oswa yon Videyo atravè [platfòm Soumisyon MRAC la](https://mrac.submittable.com/) (<https://mrac.submittable.com/>). Nou pral konsidere soumisyon atis ki kalifye yo oswa yon "Defansè Atis" (gade esplikasyon ki anba a).

Soumisyon Lèt/Videyo

Yo pral sèvi ak soumisyon sa a pou detèmine kalifikasyon, aprann sou enterè atis yo, epi asire divèsite ki genyen nan gwoup atis yo chwazi yo. Nou gen objektif pou sipòte atis nan diferan etap nan karyè yo, nan disiplin atistik, ras/orijin etnik ak idantite demografik.

Reprezante yon Defansè pou yon Atis

MRAC rekonèt moun souvan jwenn opòtinite yo ta renmen rekòmande moun pou yo epi nou ankouraje kalite sipò sa a atravè pwosesis soumisyon nou an. Si ou ta renmen soumèt non yon atis pou konsiderasyon, oswa, si ou se yon atis epi ou ta renmen yon moun soumèt nan non ou, yo ka soumèt kòm yon "Defansè Atis". Defansè yo pa bezwen jwenn pèmisyon nan men atis y ap defann nan oswa pou fè atis la konn sa. Atis yo pral gen opòtinite pou yo pa konsidere yo si yo pa ta vle patisipe. **Nòt:** Defansè yo ka sèlman kreye yon soumisyon pou chak dat limit.

Pwosesis Soumisyon

Ou gen posiblite pou soumèt nan youn nan fason sa yo:

- Telechaje yon fichye dokiman
- Telechaje yon fichye videyo
- Telechaje yon fichye odyo
- Ranpli kaz tèks yo nan fòm soumisyon nou an

Chwazi kalite soumisyon ki parèt pi konfòtab pou ou. Pa gen okenn avantaj oswa dezavantaj nan yon kalite soumisyon sou yon lòt, piske y ap chwazi loreya yo owaza.

Lèt ki Kout/Videyo (Longè yo rekòmande 1-3 paragraf/2-5 minit)

Anba a se kesyon ki obligatwa yo epi chak demann ta dwe bay repons pou yo. Nou vle aprann sou travay atistik ou ak pwosesis kreyatif ou:

1. Kisa w pwodwi/kreye? Ki sa w pratike antanke atis?
2. Dekri enterè atistik ou yo.
3. Depi konbyen tan w ap travay kòm atis epi prezante travay ou yo?
4. Sou ki pwojè atistik w ap travay kounye a?
5. Pataje nenpòt pwojè ki fèk fini?
6. Pale nou sou nenpòt pwojè ou pral pouswiv alavni pandan 2 ane k ap vini yo?
7. Poukisa ou vle patisipe nan pwogram Avni Atis la?
8. Èske pa gen lòt bagay ankò ou ta renmen pataje jodi a? (ochwa)

Lòt Chan Obligatwa

MRAC pral bezwen kolekte enfòmasyon ki anba a tou pandan pwosesis soumisyon an:

- Non ak Siyati legal
- Non Prefere
- Pwonon Sèks
- Moun ki ranpli fòm nan: Chwazi "Atis" oswa "Defansè Atis"
 - Si ou se Defansè a, yo pral oryante ou nan kesyon sou Atis w ap defann nan.
- Adrès imèl
- Nimewo Telefòn
- Adrès fizik rezidansyèl kandida a (anplwaye MRAC yo fè yon swivi sou atis Defansè yo rekòmande yo pou jwenn enfòmasyon sa yo epi konfime kalifikasyon ak enterè yo.)
- Chwazi tout idantite demografik ki aplikab. (Anplwaye MRAC yo fè yon swivi sou atis Defansè yo rekòmande yo pou konfime enfòmasyon sa yo.)
- Bay tout disiplin atistik atis yo ap travay sou yo
- Chwazi yon kategori karyè: nouvo atis, atis ki nan kòmansman karyè yo, atis ki nan mitan karyè yo, oswa atis pwofesyonèl. MRAC rekonèt definisyon sa yo tanporè epi mande atis yo pou yo defini tèt yo.
- Lyen oswa telechaje echantiyon sou travay atistik orijinal ou yo
- Telechajman ochwa: Rezime oswa CV (sa pral itil pou ede nan detèmine nivo karyè, men li pa obligatwa)

Echantiyon Travay Obligatwa

MRAC mande pou atis yo soumèt lyen oswa telechaje echantiyon travay nan travay atistik yo pou nou ka konfime atis yo gen yon pratik atistik aktyèl. Echantiyon travay yo ta dwe kreyasyon orijinal ki reyalize ant 2017 - 2022. **Remak:** soumisyon sa a se pou detèmine kalifikasyon. Nou pa pral fè jijman sou valè oswa kalite atistik.

Si travay ou ap mete nan yon echantiyon travay se yon pwodwi nan yon kolaborasyon, tanpri dekri wòl ou jwe nan pwosesis kreyasyon an ak nan pran desizyon.

Echantiyon travay ki otorize:

Lyen sou sit entènèt atis yo:

Lyen sou imaj yo

Lyen sou travay ki ekri yo

Lyen sou odyo oswa videyo

Lyen sou entèvyou ak laprès

Lyen sou travay ki pibliye yo

Telechaje imaj, videyo, odyo ak travay ki ekri yo

Fòm echantiyon travay ki otorize:

Imaj - jpg, jpeg, png, tif, heic

Text - doc, docx, pdf, rtf

Videyo - avi, mov, qt, wmv, mp4

Odyo - mp3, wav, aiff

Remak: Echantiyon Travay yo ka travay k ap fèt.

Lòt Konsiderasyon

Si ou te yon finalis nan Fon Pwochen Etap pou egzèsis FY2022 a epi ou ranpli kondisyon kalifikasyon yo, ou pa oblije ranpli yon demann. Yo pral pran non w otomatikman an konsiderasyon. Si w pa vle yo pran ou an konsiderasyon, w ap gen yon opòtinite pou ou soti.

Ki Jan Nou Decide

Atis Afriken, Afro-Latinks, Afro-Karayib, Latinx, Chicanx, Zile Azyatik/Pasifik, Natif natal Ameriken/Endyen Ameriken/Natif natal Alaska, ak desandan SWANA yo pa t janm jwenn, epi toujou pa jwenn sa yo merite kòm resous, epi yo toujou pa ba yo valè yo merite pou kontribisyon yo nan Minnesota. Avèk Avni Atis yo, MRAC pral etidye yon nouvo plan sou ki jan pou sipòte atis sa yo. MRAC rekonèt inegalite ki genyen nan estrikti finansman yo epi li konprann pwosesis pou pran desizyon nan sistèm sa yo ka sanble tankou yon baryè. Nou gen objektif pou bloke nòm sa a nan egzamine yon pwosesis k ap elimine prejije ak jijman sou valè ak diyite.

Yon komite Lektè pral egzamine chak soumisyon pou kalifikasyon. Si gen kesyon pou poze oswa si yo bezwen bay plis esplikasyon, yon Lektè ka kontakte w.

Tout soumisyon ki satisfè kritè kalifikasyon yo pral antre nan youn oswa plizyè gwoup kalifikasyon priyorite ansanm ak nan 'Rezèv Jeneral Atis yo' epi yo pral chwazi yo owaza. Gwoup sa yo se yon repons dirèk ak inegalite ki genyen nan kominote atis yo pwogram sa a ap desèvi. Nou espere atis yo ap santi yo alèz pou pataje avèk nou tout sa yo genyen kòm idantite, kòm eksperyans ak talan patikilye. N ap selebre rankont tout moun epi nou totalman angaje nou pou onore divèsite ki gen nan idantite yo izole yo. Atis ki gen idantite/eksperyans ki sanble yo pral reprezante nan chak gwoup ki deziyen yo, sa ap ba yo plis pase yon opòtinite pou yo chwazi yo.

Yo pral chwazi yon non nan chak gwoup owaza. Nan ka ki pa rive souvan kote yo chwazi yon sèl non nan plizyè gwoup, nou pral kontinye chwazi jiskaske yo pran yon non inik nan chak gwoup. Y ap pran yon non nan chak gwoup kalifikasyon priyorite epi y ap pran senk non nan Rezèv Atis Jeneral la.

Gwoupman

Patisipan nan Gwoup Diskisyon yo - 1

Atis k ap Viv nan Lojman ki pa Konfòtab - 1

Atis ki pa gen Sèks/ki pa konfòm ak Sèks/Atis Trans-Seksyèl- 1

Atis ki gen Andikap/Atis Andikape - 1

Nouvo Atis - 1

Rezèv Atis Jeneral - 5

Aksesibilite

MRAC ap itilize platfòm Submittable la pou pwosesis soumisyon sa a. Platfòm Submittable la te apwouve pou satisfè bezwen moun ki avèg, ki gen vizyon ki bese, ki soud epi ki pa tande byen, ki gen pwoblèm pou aprann, ki gen limit entèlektyèl, ki limite nan mouvman, ki gen pwoblèm langaj, fotosansibilite, ak konbinezon faktè sa yo. Submittable swiv Enstriksyon konsènan Aksè ak Kontni Entènèt yo (2.0) epi li satisfè Aksè Nivo AA pou bay garanti moun k ap itilize teknoloji ki avanse yo ka navige fasilman nan paj ak fòm Submittable yo.

Si ou pa kapab itilize Submittable oswa si ou ta renmen voye demann ou a ban nou nan yon lòt fason, tanpri kontakte nou omwen yon semèn anvan dat limit la pou asistans.

MRAC ap travay pou bay garanti yo te kreye enfòmasyon ekri yo, enstriksyon yo, ak prezantasyon atelye yo ak prensip aksesibilite nan lespri a. Anplis de sa, nou kontan bay materyèl an Bray, Gwo Lèt an lèt detache, oswa lòt fòm ak yon avi alavans ki varye selon fòm a, apati yon semèn sou demann, men menm si delè avi a te pase, nou ka toujou kapab reponn ak demann nan.

Kontakte nou pi bonè posib pou kòmanse yon konvèsasyon sou fason pou ou gen asirans ou gen menm opòtinite pou yo konsidere w.

Aksè nan Lang

Enstriksyon sa yo tradui an Panyòl, Somalyen ak Hmong epi yo disponib sou sitwèb MRAC la. Avèk avi alavans, MRAC kapab tou anplwaye yon entèprèt ak/oswa tradiktè pou fasilite pwosesis la.

Atis yo ka soumèt lèt/fichye videyo/odyo yo genyen yo nan nenpòt lang epi MRAC pral travay ak entèprèt/tradiktè jan sa nesèsè.

Kontak

Pou kesyon sou pwosesis soumisyon an jeneral ak asistans teknik, tanpri kontakte nou nan mrac@mrac.org oswa 651-645-0402.

Pou kesyon ak asistans konsènan kalifikasyon ak/oswa preparasyon yon soumisyon:

Tanpri kontakte Jovan Rebollar (jovan@mrac.org oswa 651-523-6381).

Oswa, vizite paj pwogram Avni Atis la epi ranpli fòm demann reyinyon an pou w planifye yon lè pou w rankontre yon manm nan pèsònèl la ki ka ede w. Fòm asistans sa a ap disponib apati 15 Out 2022.

Tanpri fè tout sa w kapab pou w li tout enstriksyon sa yo anvan w poze kesyon.

Glosè MRAC sou Avni Atis yo

Atis - Yon moun ki kreyatif ki pwodwi oswa kreye regilyèman nouvo travay lè l sèvi avèk fòm ekspresyon kreyatif konvansyonèl ak/oswa ki pa konvansyonèl yo. Sa pa gen ladan sèlman, moun k ap itilize fòm vizyèl, pèfòmans, mizik, teyat, odyo, literè ak/oswa eskilti. (Nan tout dokiman sa a nou itilize tèm "atis" pou fè referans ni ak atis ni ak [ajan kiltirèl yo](#))

Disiplin Atistik - Yon kategori etid kreyatif, konesans ak/oswa ekspètiz.

Pratik Atistik - Fason yon atis ap kreye epi fè konsepsyon travay li. Sa pa gen ladan sèlman aktivite fizik nan fè, pataje lide, travay ak materyèl, zouti ak aplike konpetans kreyatif.

Kòwòt - Nou defini kòwòt kòm yon gwoup moun yo chwazi ki gen entansyon pataje konesans ak eksperyans pandan peryòd pwogram nan.

Ajan Kiltirèl - Nan kad pwogram Avni Atis yo, MRAC te adopte definisyon "ajan kiltirèl" la nan [Fondasyon McKnight](#) kòm "lidè kreyatif nan Minnesota ki soti nan kilti ki pa sèvi ak mo atis la (tankou Ameriken ak Hmong natif natal yo), ansanm ak moun ki nan sant transmisyon ak prezantasyon nan lavi kiltirèl yo." (Nan tout dokiman sa a nou itilize tèm "atis la" pou fè referans ni ak atis ni ak ajan kiltirèl yo.)

Gwoupman - Pwogram Avni Atis yo te devlope pou ak pa mwayen yon gwoup atis ki varye ak lidè kiltirèl yo ki se manm nan kominote atis pwogram sa a gen entansyon sèvi yo. Yon gwoup 11 konseye ansanm ak anplwaye MRAC te patisipe ak atis divès orijin, eksperyans ak kilti nan plizyè gwoup refleksyon ak rankont endividyèl ki angaje prèske 100 moun. Repons ki te pataje nan gwoup refleksyon yo te enfluyans dirèkteman konsepsyon Avni Atis yo. Gras ak angajman sa a, Gwoupman yo reprezante moun yo idantifye kòm moun ki fè fas ak baryè konplèks ak istorik nan aksè nan resous yo ak nan sipò finansye yo, pandan y ap onore vwa ki pataje konesans yo, pwoblèm yo, ak eksperyans yo ki te patisipe nan aprantisaj ak nan devlopman nou.

Devlopman Pwofesyonèl - Fòmasyon k ap kontinye oswa opòtinite pou fòmasyon oswa sèvis pou ede devlope nouvo konpetans, rete ajou ak pratik aktyèl yo, epi fè pwogrese karyè atistik pèsònèl.

San restriksyon - Tèm sa a itilize pou dekri lajan ki ka itilize pou nenpòt rezon. Pa egzanp, prim \$35,000 pou Avni Atis yo pa bezwen depanse nan aktivite atistik oswa nan aktivite ki gen rapò ak pwogram nan. Li ka depanse pou nenpòt bagay moun k ap resevwa l la deside (sa vle di lwaye, pwovizyon, vwayaj, rechèch, atistik, swen sante, swen pèsònèl, dèt, elatriye).